

TROPICAL HARDWOOD HAMMOCK



▲ Strangler fig (*Ficus aurea*) – Endijèn ameriken te konn fè chiklèt avèk sèv blan ki soti nan fèy oswa branch yo koupe. Rasin yo ka itilize tou pou fè flèch, kòd ak ling lapèch.

Tropical hardwood hammocks yo se gran forè byen wo ke moun ka jwenn nan tout Konte Miami-Dade ki gen ladan espès tanpere nan zòn sid yo, tankou pye bwadchèn, ak espès twopikal, tankou lenbo gonbo ak pye paradi.



▲ Limbo gonbo (*Bursera simaruba*) – yo te sèvi ak mòso yo pou poto, epi yo te sèvi ak sèv yo pou fè lakòl. Pi dènyèman, yo te itilize bwa yo pou fè chwal kawousèl.

Yo konnen kominote sa a gen pi gwo divèsite espès pase Amak nan sant Florid e li gen ladan anpil espès twopikal ki pwodui fwi. Zwazo, espesyalman zwazo migratè, depann de fwi ak nwa kòm manje. Anpil plant bay sous enpòtan manje pou endijèn ak premye kolon yo. Elevasyon ki pi wo yo jwenn nan Hammocks te pwouve tou ke yo ideyal pou koloni.



► Coontie (*Zamia pumila*) – Endijèn ameriken yo te itilize yon farin ke yo te fè ak rasin yo, apre yo fin lave oswa bouyi li pou retire toksin, cycasin.



▲ Bab Panyòl (*Tallandsia usneoides*) – Yo itilize li pandan yo ap kwit manje pou absòbe likid, pou kabann ak pou bwonzaj. Yo ti itilize bab panyòl pou ranbouraj kousen premye otomobil yo ak matla.

► Pye bwadchèn (*Quercus virginiana*) – Endijèn ameriken yo ak premye kolon yo te rekòlte fwi yo pou manje. Yo te itilize bwa a kòm kabiran, ak fabrikasyon zouti.



◀ Sabal Palm (*Sabal palmetto*) – Premye floridyen yo koupe boujon prensipal la, yo manje li kwit oswa kri. Itilizasyon seminòl gen ladan bè pou maladi zèb, yo te itilize fron pou kay pay ak tapi, fib yo pou kòd.

